



Pou Piblikasyon Imedya: 20/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AKIZISYON 475 EKTA NAN PLATO RENSSELAER

*Adisyon nan forè Eta Pittstown lan pwoteje apwovizyonman dlo potab ak abita lavi sovaj enpòtan, amelyore opòtinite lwazi ak ankouraje aktivite forestye ki dirab*

*Foto Plato Rensselaer ki se kòtezi Nate Simms disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a pwoteksyon pèmanan 475 ekta tè forè ki toupre [Forè Eta Pittstown](#) nan Plato Rensselaer nan vil Grafton. Dènye akizisyon Rensselaer Plateau Alliance lan, ki te anonse nan kad selebrasyon Semèn Latè Eta New York la, pral double dimansyon Forè Eta Pittstown, prezève espas ouvè enpòtan epi elaji opòtinite lwazi pou sipòte ekonomi lokal la.

"Eta New York konsantre anpil sou prezève ak amelyore espas ouvè, ak Plato Rensselaer, jis yon vizit tou kout apati Kapitòl la, founi yon chape anplennè espektakilè depi anba lavil anime Albany", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Adisyon jodi a nan Forè Eta Pittstown, plis pase double dimansyon li, pral bay opòtinite lwazi anplennè elaji pou abitan ak vizitè yo pandan sa ap pwoteje espas ouvè presye ak inik kominote tè imid yo ki defini Plato Rensselaer".

Fanmi Gundrum, pwopriyete Gundrum Logging and Lumber, te posede plis pase 364 ekta nan akizisyon sa nan tan pase. Rensselaer Plateau Alliance (RPA) te achte 375 ekta nan men Rynard Gundrum an 2016, epi nan pita te akeri 100 ekta tè anplis ki toupre nan twa tranzaksyon separe avèk lòt mèt tè gras ak sipò The Conservation Fund.

Pwopriyete yo se te akizisyon priyorite nan kad Plan Espas Ouvè Eta New York la ak Plan Konsèvasyon Rejyonal Plato Rensselaer a. DEC te achte pwopriyete yo nan men RPA pou 894,000 dola apati lajan ki soti nan Fon Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Fund, EPF) Eta a. Pami [anpil viktwa anviwònmanal yo nan Bidjè Eta 2022-23](#), Gouvènè Hochul te gen siksè nan adopte yon ogmantasyon nan EPF la soti 300 pou pase nan 400 milyon dola, pi wo nivo finansman nan istwa pwogram nan. EPF la sipòte inisyativ pou diminisyon chanjman klimatik ak adaptasyon, amelyore resous agrikòl yo pou ankouraje agrikilti dirab, pwoteje sous dlo nou yo, fè avanse efò prezèvasyon yo epi bay opòtinite lwazi pou Nouyòkè yo. Bidjè a te ede

akonpli tou angajman Gouvènè a pou amelyore pwogram pwoteksyon tè imid Eta a yo, k ap pwoteje anviwon 404,685 ekta siplemantè abita tè imid ki pa pwoteje epi ede New York adapte ak plis inondasyon ak gwo tanpèt ke chanjman klimatik lakòz.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la , Basil Seggos, te deklare,** "Jan bidjè anviwònmantal resan Gouvènè Hochul la demontre sa, angajman Eta New York pou prezève espas sovaj ak natirèl yo nan pòt nou pi djanm ke jamè. DEC ap prezève pwopriyete sa yo kòm forè travay dirab avèk opòtinite lwazi nan tout ane a pou tout Nouyòkè yo. Nou rekonesan pou Rensselaer Plateau Alliance, The Conservation Fund, fanmi Gundrum ak Forestye Rejyonal DEC, Bill Schongar, pou yon vizyon pataje pou sekirize tè sa yo ak asire yo rete pwoteje".

**Senatè Eta a, Daphne Jordan te deklare,** "Moun, lavi sovaj ak jenerasyon k ap vini yo, kapab rejwi 475 ekta anplis nan Plato Rensselaer ki pral pwoteje yon fason pèmanan kòm yon adisyon nan Forè Eta Pittstown. Tè sa se ka abrite ekosistèm forè ak tè imid ki sipòte anpil bèt, zwazo ak plant. Li founi tou kouran dlo ki kreye apwovizyonman dlo nan Rezèvwa Tomhannock pou 135,000 moun nan Konte Rensselaer. Felisitasyon ak Rensselaer Plateau Alliance pou vizyon yo ak volonte pou fè yon pwojè prezèvasyon tè, ki pwoteje abita, basen vizyèl, apwovizyonman dlo ak ofri pwomnad ak plezi anplennè pou tout moun, tounen yon reyalite. Se yon gwo egzanp sa ki kapab fèt avèk yon gwoup moun enterese, The Conservation Fund ak Fon Pwoteksyon Anviwònmantal Eta a".

**Jim Bonesteel, Direktè Egzekitif Rensselaer Plateau Alliance, te deklare,** "Nou eksite anpil pou nou jwe yon wòl nan konsève tè sa. Nou rekonesan anpil anvè fanmi Gundrum pou vizyon yo pou konsève tè sa pou jenerasyon alavni yo ak dèske yo bay yon pati nan tè a nan kad yon negosyasyon lavant pou ede sa rive fèt. Nou apresye gwo patenarya nou avèk DEC ak The Conservation Fund, kote san yo nou pa t ap rive kapab fè sa".

**Tom Duffus, Vis Prezidan ak Reprezantan Nòdès pou The Conservation Fund, te deklare,** "Konsèvasyon tè mande tan ak patnè ki devwe pou konble mank yo pou rezilta a, tankou sila nan Forè Eta Pittstown lan ki bay sou Distri Kapital Albany an, kapab founi plizyè benefis pou kominote toupre yo ak anviwònman an. Forè yo ba nou anpil resous esansyèl — dlo ak lè pwòp, opòtinite lwazi ak travay nan bwa — epi nou pral kontinye kolabore avèk Rensselaer Plateau Alliance ak DEC pou pwoteje lòt tè forè ki aktif nan rejyon an".

**Rynard Gundrum, Jr., ke fanmi li te vann tè a, te deklare,** "Aprè apeprè 30 ane eksplwatasyon tè sa lè li te fè pati forè fanmi mwen, mwen te toujou kwè nan lide ke Forè Grafton ta dwe rete yon forè ki aktif, epi preferans mwen se te pou konfyè avni tè sa bay Eta New York. Nou te eksplwate tè Eta yo pandan plizyè deseni epi gen yon relasyon eksepsyonèl avèk forestye lokal DEC yo. Mwen te konnen Eta a - atravè forestye lokal li yo - t ap jere forè a kòm sadwa".

Ansyen tè Gundrum nan gen ladan gwo zòn natirèl ki idantifye nan Plan Konsèvasyon Rejyonal Plato Rensselaer a, sa gen ladan plizyè ekosistèm tè imid enpòtan. Li twouve

li nan pi gwo forè entak sou plato a epi gen plizyè santèn ekta eskosistèm forè bon kalite ki abrite yon bann kalite lavi sovaj tankou wapiti (sèf), lens wouj, blous nwa ak anpil espès anfibyen, reptil ak zwazo. Kouran dlo tè sa alimante founi dlo pwòp nan Rezèvwa Tomhannock, apwovizyonman dlo potab pou 135,000 moun nan Troy, East Greenbush, North Greenbush, Poestenskill ak Brunswick. Anpil aflèman woche ofri panorama eksepsyonèl sou nò Hudson Valley, Adirondacks ak Montay Vèt yo.

[Rensselaer Plateau Alliance](#) travay avèk kominote a pou ankouraje ak fasilite konsèvasyon forè Plato a ak rejyon lavi sovaj enpòtan yo. Yon alyans divès òganizasyon ak moun, ki pataje yon vizyon komen kote nan 100 ane Plato a ap rete yon pi gwo forè ki toujou founi ase dlo pwòp pou plizyè milye moun, abita pou lavi sovaj, sipò pou ekonomi lokal la ak anpil lòt avantaj.

[The Conservation Fund](#) se yon òganizasyon san bi likratif ki gen misyon pou li fè travay konsèvasyon pou Amerik la. Gras ak kreyasyon solisyon ki fè sans sou plan ekonomik ak anviwònmanal, Fon nan redefini konsèvasyon an pou li montre wòl esansyèl li nan pwosperite alavni nou. Atravè Working Forest Fund® li an, li vize pou li konsève yon fason pèmanan senk milyon ak tè forè ann eksplwatasyon ki aris pou diminye pwoblèm chanjman klimatik la, ranfòse ekonomi riral yo epi pwoteje ekosistèm natirèl yo. Nan tèt klasman pou efikasite ak efisyans, Fon an travay nan tout 50 eta yo depi 1985 pou pwoteje plis pase uit milyon ak tè, ki enkli anviwon 493,000 ak nan New York.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)